# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–19 नवम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रदेस के नौ विधानसभा सीटिनि पर हो रहल उप चुनाव बदे परचार थमि चुकल हउवे। बिहने बीस नवम्बर के येह सीटिनि बदे ओट डारल जाई। एकरे खातिर आजु पोलिंग पारटी कुलि कड़ेर सुरक्षा के बिच्चे रवाना भइलिनि। प्रदेस के मीरापुर, कुंदरकी, गाजियाबाद, करहल, सीसामऊ, फूलपुर, कटेहरी, खैर अउर मझवां विधानसभा क्षेत्र क मतदाता बिहने ओट डरिहें। चुनाव आयोग के मोताबिक भिन्नहीं सात बजे से ओट डारल सुरू होई जवन संझा पांच बजे ले चली। येह निर्वाचन क्षेत्रन में कुल एक हजार नौ सौ सतरह मतदान केन्द्र अउर तीनि हजार सात सौ अठारह मतदेय स्थल बनावल गइल हउवे। सान्तिपूर्ण मतदान बदे चुनाव आयोग नौ गो सामान्य प्रेक्षक, पांच गो पुलिस प्रेक्षक अउर नौ गो व्यय प्रेक्षक तैनात कइले हउवे। ओट डारे खातिर मतदाता फोटो पहिचान पत्र के अलावे बारह गो अउरियो पहिचान पत्र मान्य होई। मतदान से जुड़ल कउनहूं सिकाइति एक आठ सुन्न सुन्न एक आठ सुन्न एक नौ पांच सुन्न पर दरज करावल जा सके ला।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के अपने सरकारी आवास पर आयोजित बइठकी में कुकरैल नाइट सफारी पार्क अउर वन्य जीव केन्द्र क योजना के सम्बन्ध में समीक्षा कइलें। श्री योगी कहलें कि एकर निरमाण हर हालि में जून दुइ हजार छब्बीस ले पूरा कै लिहल जाव। नाइट सफारी अउर चिड़िया घर खातिर वन्य जीव के ले अइले क पुरहर इंतिजाम सुरू कै दिहल जाए। नाइट सफारी अउर चिड़िया घर के आरथिक व्यवस्था बदे सस्टेनेबल मॉडल बिकसित कइले के सथहीं सौर ऊर्जा के उपकरणो क उपयोग कइल जाव। श्री योगी कहलें कि नाइट सफारी प्रोजेक्ट राज्य सरकार क महत्वाकांक्षी परियोजना हवे। एकरे निरमाण बदे केन्द्रीय चिड़िया घर प्राधिकरण नई दिल्ली से अनुमति मिलि गइल हउवे। ओहीं, एगो अउरियो बइठकी में मुख्यमंत्री भगवान बिरसा मुंडा, सरदार पटेल क जयंती अउर अटल बिहारी वाजपेई के जन्म शताब्दी वर्ष अउर आपातकाल के पचास सालि पूरा भइले आ संविधान दिवस पर सालि भर ले चले वाले विभिन्न कार्यक्रम के आयोजन के बारे में अधिकारियन के निरदेसित कइलें।

**********

केन्द्रीय जल सक्ति मंत्रालय आजु विश्व सौचालय दिवस के मौका पर तीनि हप्ता ले चले वाले **हमार शौचालय हमारा सम्मान** अभियान क सुभारम्भ कइलस। येह अभियान क उद्देस्य साफ–सफाई के बुनियादी ढांचा में सुधार, व्यवहार परिवर्तन के बढ़ावा दीहल अउर देस भर में सौचालयन के कार्य क्षमता आ ओकरे रख–रखाव के बढ़ा के सामुदायिक गौरव मजबूत कइल हउवे। अभियान के दौरान नागरिकन के सोसल मीडिया प्लेटफारम के जरिये अपने स्वच्छता–सफलता क कहानी साझा करे खातिर उत्साहित कइल जाई। एहकर समापन अगिला महिन्ना दस दिसम्बर के होई। येही क्रम में विश्व शौचालय दिवस पर आजु लखनऊ में दुइ दिन के राष्ट्रीय कार्यसाला क आयोजन कइल गइल। कार्यक्रम क सुभारम्भ केन्द्रीय मंत्री तोखम साहू कइलें। येह मौका पर स्वच्छता के ले के दुइ गो एमओयू पर दस्खतो भइल। कार्यसाला में प्रदेस सरकार क मंत्री ए.के. शर्मा अउर भारत में यूएस क अम्बेस्डर एरिक गार्सेटी मौजूद रहलें। कुशीनगरो में विश्व शौचालय दिवस पर जिला पंचायत विभाग की ओरि से दस दिसम्बर ले चलावल जाये वाले जागरूकता कार्यक्रम क आजु सुभारम्भ भइल।

**********

माध्यमिक शिक्षा परिषद–यूपी बोर्ड क बरिस दुइ हजार चउबीस–पचीस में होखे वाली हाईस्कूल अउर इण्टरमीडिएट के बोर्ड इंतिहान के टाइम–टेबल घोसित कै दिहल गइल हवे। ई इंतिहान चउबीस फरौरी से सुरू हो के बारह मार्च ले चली। परिषद के मोताबिक दुइ पाली में इंतिहान होई। पहली पाली क इंतिहान भिन्नहीं साढ़े आठ बजे से सुरू हो के इग्यारह बजि के पैंतालीस मिनट ले चली अउर दुसरकी पाली दुपहरिया बादे दुइ बजे से संझा पांच बजि के पनरह मिनट ले चली। चउबीस फरौरी के पहिली पाली में हाईस्कूल क हिन्दी अउर इण्टर क सैन्य विज्ञान बिसय क इंतिहान होई। दुसरकी पाली में हाईस्कूल क हेल्थ केयर अउर इण्टर के हिन्दी बिसय क इंतिहान होई। बोर्ड क सचिव भगवती सिंह बतवलें कि बिना नकल के इंतिहान होखे, एकरे बदे कड़ेर इंतिजाम कइल गइल हवे।

**********

गोरखपुर के वीर बहादुर सिंह स्पोर्टस कॉलेज मे चलि रहल अडसठवीं राष्ट्रीय विद्यालयीय कुस्ती प्रतियोगिता के अलगि–अलगि भार वर्ग में महिला अउर पुरूष खेलाड़ी आपन दम–खम देखवलें। प्रतियोगिता के चउथा दिन आजु हरियाणा सबसे जियादे पद्क जीत के सीर्ष स्थान पर आपन कब्जा बरकरार रखले हउवे। आजु के कुस्ती प्रतियोगिता क सुभारंभ अर्जुन अवार्ड से सम्मानित पहलवान पन्नेलाल यादव खिलाड़ियन के हाथ मिलवा के कइलें। पचास किलोग्राम भारवर्ग बालिका कुस्ती के फाईनल मे दिल्ली क धनिका, उत्तराखंड क अंशिका के पटखनी देति स्वर्ण पद्क पर कब्जा कइलिनि। बासठ किलोग्राम भार वर्ग बालक कुस्ती प्रतियोगिता के फाईनल मे उत्तराखंड के शुभ हरियाणा के हितेश के धूरि चटा दिहलें अउर जीत हासिल कइलें।

**********

मिसन सक्ति के पचवां चरण में महिला अउर लइकनी लोगिन के उनके अधिकारन के प्रति जागरूक करे बदे आजु कुशीनगर क जिलाधिकारी महाविद्यालय अउर विद्यालयन के प्रधानाचार्यन के साथे बइठकी कइ के जरूरी दिसा निरदेस दिहलें। उहां के कहलीं कि महिला अउर लइकनिन के सिक्षा, सुरक्षा, सम्मान अउर स्वावलंबन खातिर नियमित कार्यक्रम क आयोजन कइल जाये।

**********